**दिन—सोमवार** **दिनांक—15.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रदेश मे अधिकांश नदीक जलस्तर बढ़वाक कारणे बाढ़िक स्थिति मे कोनो सुधार नहि भेल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंडक, बागमती, कमला बलान, कोसी आ महानंदा नदीक जलस्तर कतेको ठाम खतराक निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। दरभंगा जिला मे घनश्यामपुर प्रखंड मे कमला बलान नदीक जलस्तर खतराक निशान सँ ऊपर चलि गेल, जाहि सँ नदीक दुनू तटबंध के बीच नवटोली, मुसहरी समेत करीब दस गामक बारह हजार सँ बेसी अबादी बाढ़ि प्रभावित भऽ गेल। मधुबनी जिलाक कुटौना सँ जयनगर के जोड़ि रहल लदनिया प्रखंडक खाजेडिह गाम लग मुख्य सड़क पर करीब एक फीट पानि चढ़बाक कारणे आवाजाही प्रभावित भेल अछि। पूर्वी चंपारण जिला मे सेहो गंडक नदीक पानि निचला क्षेत्र मे पसरि गेल अछि। उच्च पथ संख्या तिहतरि पर बाढ़िक पानि अयला सँ वाहनक परिचालन मे दिक्कत भऽ रहल अछि। पश्चिम चंपारण जिला मे सेहो कतेको ठाम पानि लगला सँ सड़क क्षतिग्रस्त भेल अछि।

---

भागलपुर जिलाक कहलगाँव, गोपालपुर, घोघा, खरीक आ नाथनगरक दियारा क्षेत्र मे पानि लगला सँ बाढ़िक स्थिति उत्पन्न भऽ गेल। तेज कटावक कारण वीरबन्ना पंचायतक तौफिल गाम पर बेसी खतरा भऽ गेल अछि। सहरसा आ सुपौल मे सेहो बाढ़िक स्थिति मे कोनो सुधार नहि भेल अछि। सुपौलक सांसद दिलेश्वर कामत आ विधायक अनिरूद्ध प्रसाद यादव तथा रामविलास कामत कोसी तटबंधक भीतर बसल विभिन्न बाढ़िग्रस्त पंचायतक भ्रमण कऽ लोक सभक समस्या सुनलनि। ओ कहलनि जे कोसी नदीक समस्याक स्थायी निदान कयल जायत।

---

प्रदेश मे मॉसून कमजोर पड़ि गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे जमुई जिलाक चकाई मे सभ सँ बेसी छप्पन दशमलव चारि मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे

राज्यक उत्तर–पूर्व आ दक्षिण– पश्चिम भाग मे किछु ठाम मेघ गर्जनक संग आंशिक बरखा हेबाक संभावना अछि। एहि क्रम मे ठनका खसबाक चेतावनी सेहो देल गेल अछि।

———————————————————————

नेपाल मे के.पी. शर्मा ओली आइ चारिम बेर प्रधानमंत्री पदक शपथ लेलनि। राष्ट्रपति रामचंद्र पौडेल हुनका राष्ट्रपति भवन मे पद आ गोपनीयताक शपथ दियौलनि। एकर अतिरिक्त राष्ट्रपति एक्कैस नव नियुक्त मंत्री के सेहो शपथ दियौलनि। श्री ओलीक मंत्रिमंडल मे एनसी, यूएमएल, जेएसपी आ एलएसपीक मंत्री सम्मिलित छथि।

———————————————————————

रेलवे मे नोकरीक बदला जमीन घोटाला मामिला मे अगिला सुनवाई एकतीस जुलाई के होयत। दिल्लीक विशेष सीबीआई अदालत मे आइ एहि मामिलाक सुनवाई भेल। अदालत पूर्व रेल मंत्री लालू प्रसाद सहित एहि केस मे आनो सरकारी कर्मचारीक विरूद्ध मंजूरीक सवाल पर दू सप्ताहक भीतर सक्षम प्रधिकार के निर्णय लेबाक निर्देश देलक अछि।

———————————————————————

मणिपुरक जिरीबाम जिला मे भेल हिंसा मे मधुबनी जिलाक मधेपुर थानाक बांकी गामक अजय कुमार झा शहीद भऽ गेलाह। प्राप्त जनतबक अनुसार ई हमला तखन भेल जखन मोंगबंग मे ओ लोकनि सुरक्षागश्ती पर छलाह।

———————————————————————

मगही आ हिन्दीक साहित्यकार तथा बिहार विधान परिषदक पूर्व सदस्य बाबू लाल मधुकरक निधन भऽ गेलनि। ओ बेरासी वर्षक छलाह। श्री मधुकर कतेको साहित्यक रचना कयने छलाह आ उनैस सय छिहतरि सँ उनैस सय चौरासी धरि विधान परिषदक सदस्य सेहो छलाह।

———————————————————————

बक्सर जिलाक राजपुर थाना क्षेत्र अंतर्गत सैथू गाम मे कथित रूप सँ जमीन कब्जा करऽ पहुँचल राजद नेता आ पूर्व मंत्री छेदीराम के पुलिस गिरफ्तार कऽ लेलक। मामिला मे चारि आन व्यक्तिक गिरफ्तारी सेहो भेल अछि। एहि क्रम मे पुलिस दू राइफल, संतावन कारतूस आ एक चारि पहिया वाहन सेहो जब्त कयलक अछि।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक खजौली प्रखंडक कन्हौली पंचायतक मेनका मल्लिक के साहित्य अकादमीक अनुवाद पुरस्कार देल गेलनि। बैंगलूरू मे आयोजित कार्यक्रम मे ई पुरस्कार हुनक नेपाली भाषाक उपन्यास नीलकंठक मैथिली अनुवाद लेल देल गेलनि।

———————————————————————————

सावन मेला के देखैत रेलवेक समस्तीपुर मंडल सुल्लतानगंज आ बाबाधामक यात्री लोकनि के सुविधा लेल तीन स्पेशल ट्रेनक परिचालन करऽ जा रहल अछि। ई ट्रेन सरायगढ़ सँ सहरसा होइत बाबाधाम जायत।

———————————————————————————

मुंगेर मे आइ सँ राज्यस्तरीय अंडर सेवेंट्ीन बालक–बालिका फुटबॉल प्रतियोगिता शुरू भेल। जिलाधिकारी अवनीश कुमार सिंह प्रतियोगिताक उद्घाटन कयलनि। एकैस जुलाई धरि चलयवला एहि प्रतियोगिता मे सोलह टीम भाग लऽ रहल अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।